

MAINE PAID FAMILY & MEDICAL LEAVE



Konje Medikal ak Familyal Peve (PFML) Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ yo)

Kouvèti Fakiltatif pou Travayè Endepandan ak Gouvènman Tribal yo

Remak: Kesyon Yo Poze Souvan sa yo (FAQ) fèt pou ede travayè endepandan ak gouvènman tribal yo pi byen konprann dwa yo ak responsablite yo epi familiarize ak Lwa Maine sou Konje Familyal ak Maladi Peve a. Dokiman sa a bay enstriksyon men li pa ranplase otorite Lwa owa Règleman Pwogram nan. Enfòmasyon ki nan gid sa a ka chanje. Ale sou www.maine.gov/paidleave pou w ka jwenn tout dènye enfòmasyon yo.

Kouvèti Fakiltatif disponib pou:

- Travayè endepandan ki se rezidan nan Eta Maine, ak
- Gouvènman tribal ki swete kouvri anplwaye yo.

Kouvèti Fakiltatif pou Travayè Endepandan yo

1. Ki jan mwen ka chwazi kouvèti antanke yon travayè endepandan?

Pou chwazi kouvèti, ou dwe?

- Yon rezidan nan Maine.
- Depoze yon avi chwa nan Depatman an atravè Pòtay Kontribisyon Konje Peve nan Maine.
- Bay yon kopi deklarasyon revni fiskal federal ou an pou ane pase a.

2. Konbyen tan kouvèti fakiltatif la dire?

Kouvèti fakiltatif la dwe pou yon peryòd inisyal ki se omwen twazan epi li renouvlab apre peryòd inisyal la pa franch yon lane.

3. Ki la kouvèti fakiltatif la vin aplikab?

Kouvèti fakiltatif ki apwouve a vin aplikab nan premye jou nan premye trimès apre chwa a.

4. Èske yon travayè endepandan ka aplike pou avantaj apre li fin chwazi kouvèti a?

Wi, yon travayè endepandan kapab aplike pou avantaj apre dat kouvèti li a ki aplikab la oswa nan kòmansman avantaj yo, nenpòt sa ki pi ta. Avantaj yo pwograme pou kòmanse nan dat 1 Me 2026 la.

5. Ki jan yo detèmine salè pou travayè endepandan yo?

Pou travayè endepandan yo, salè yo baze sou revni nèt ki soti nan travay endepandan, jan sa deklare bay Sèvis Revni Maine lan nan deklarasyon fiskal sou revni pèsònèl pou ane pase a. Yo detèmine salè chak trimès yo pandan y ap divize revni nèt deklarasyon fiskal ane pase a pa 4. Dwe soumèt kopi deklarasyon fiskal yo chak ane bay Deparman an disi 1 Jen.

6. Èske travayè endepandan yo dwe satisfè yon limit salè minimòm?

Wi, travayè endepandan yo dwe satisfè limit salè minimòm nan pou moun ki kouvri yo ki elijib pou avantaj konje medikal ak konje familyal peye (PFML) paske yo te depase 6 fwa Salè revni nèt Mwayen Chak Semèn eta a ki deklare nan deklarasyon fiskal ane pase a.

7. E si mwen vle soti nan kouvèti mwen an?

Depatman an pral enfòme tout travayè endepandan kouvèti fakiltatif yo nan dat fen peryòd kouvèti yo a omwen 60 jou anvan dat fen an. Sa pral kòmanse peryòd pandan moman sa a ke ou soti nan kouvèti a.

8. Kisa k ap pase si mwen pa soti ladan nan peryòd ki presize a?

Si ou pa soti ladan nan lespas 60 jou anvan fen kouvèti ou an, peryòd kouvèti a pral otomatikman renouvle pou yon lòt peryòd yon lane.

9. Èske yon travayè endepandan ka soti ladan si li pa travayè endepandan ankò?

Wi, si yon travayè endepandan pa yon travayè endepandan ankò, li ka soti nan kouvèti a nan lespas 30 jou apre yon chanjman nan estati travay endepandan an pandan l ap enfòme Depatman an atravè pòtay Konje Peye Maine nan.

10. Ki dat retrè ki aplikab ki genyen?

Dat aplikab pou yon retrè se 30 jou apre avi pou retrè a fin depoze, oswa dat Depatman an apwouve retrè a, nenpòt sa ki pi ta.

11. Èske mwen ka chwazi kouvèti ankò apre retrè a?

Wi, si yon travayè endepandan pa te renouvle oswa soti nan kouvèti a, li kapab chwazi kouvèti ankò. Nouvo kouvèti a pral kòmanse avèk yon peryòd inisyal twazan.

Kouvèti Fakiltatif Gouvènman Tribal

12. Ki jan yon gouvènman tribal ka chwazi kouvèti?

Yon gouvènman tribal ka chwazi kouvèti pou anplwaye li yo pandan l ap depoze yon avi chwa bay Depatman an atravè Pòtay Kontribisyon Konje Peye Maine nan. Kouvèti fakiltatif la dwe pou yon peryòd inisyal ki se omwen twazan epi li renouvlab apre peryòd inisyal la pa tranch yon lane.

13. Si yon gouvènman tribal chwazi kouvèti a, kisa sa vle di?

Lè yon gouvènman tribal chwazi kouvèti, sa vle di ke gouvènman tribal la antanke yon anplwayè te chwazi ofri kouvèti pou tout anplwaye yo nan òganizasyon yo a. Gouvènman tribal la pral vin yon "anplwayè" epi anplwaye gouvènman tribal yo pral fin "anplwaye ki kouvri" pou rezon tout lòt règleman ki nan pwogram nan. Anplwaye gouvènman tribal endividyèl yo pa ka chwazi patisipe oswa chwazi pou pa patisipe nan pwogram nan.

14. Ki jan gouvènman tribal yo ta dwe deklare salè yo?

Gouvènman tribal ki chwazi kouvèti yo dwe soumèt **rapò kontribisyon chak trimès yo** bay Depatman an atravè Pòtay Konje Peye Maine nan ak itilizasyon pwosesis nòmal yon anplwayè pou pwogram nan.

15. E si mwen vle soti nan kouvèti mwen an?

Depatman an pral enfòme tout gouvènman tribal ki chwazi yo konsènan dat fen peryòd kouvèti yo a omwen 60 jou anvan dat fen an. Sa pral kòmanse peryòd pandan moman sa a ke ou soti nan kouvèti a.

16. Kisa k ap pase si mwen pa soti ladan nan peryòd ki presize a?

Si ou pa soti ladan nan lespas 60 jou anvan fen kouvèti ou an, peryòd kouvèti a pral otomatikman renouvle pou yon lòt peryòd yon lane.

17. Èske yon gouvènman tribal ka soti nan kouvèti a?

Wi, yon gouvènman tribal ka soti nan kouvèti a pandan l ap depoze yon fòmilè retrè atravè Pòtay Konje Peye Maine nan. Retrè a dwe soumèt nan lespas 30 jou apre fen peryòd kouvèti a.

18. Èske mwen ka chwazi kouvèti ankò apre retrè a?

Wi, si yon gouvènman tribal pa te renouvle oswa retire l nan kouvèti a, li kapab chwazi kouvèti ankò. Nouvo kouvèti a pral kòmanse avèk yon peryòd inisyal twazan.